

Uji Kompetensi 1
Multiple Choice

1. Serat wedhatama ngandhut pitutur luhur kanggo mbangun
 - A. Solah bawa
 - B. Budi pakerti
 - C. Tepaselira
 - D. Gotong royong
 - E. Bangun nagri

2. Piwulang kang ana ing pupuh Gambuh yaiku
 - A. Kawicaksanaan sejati
 - B. Pemimpin teladhan
 - C. Tumindak ngati-ati
 - D. Rasa sukur marang Gusti Allah
 - E. Sopan santun

3. Samengko **ingsun** tutur,
Sembah catur supaya lumuntur,
Dihin raga, cipta jiwa, rasa, kaki,
Ing kono lamun tinemu,
Tandha nugrahing Manon.
Kosok balene (lawan katane) tembung **ingsun** yaiku
 - A. Panjenengan
 - B. Kula
 - C. Piyambake
 - D. Kula lan panjenengan
 - E. Kita sedaya

4. Samengko **ingsun** tutur,
Sembah catur supaya lumuntur,
Dihin raga, cipta jiwa, rasa, kaki,
Ing kono lamun **tinemu**,
Tandha nugrahing Manon.
Tembung **tinemu** nduweni teges
 - A. Bakal
 - B. Bisa
 - C. Ditemokake
 - D. Digoleki
 - E. Ditakonake

5. Samengko ingsun tutur,
Sembah catur supaya lumuntur,
Dihin raga, cipta jiwa, rasa, kaki,
Ing kono lamun tinemu,
Tandha nugrahing Manon.
Gatra pungkasan saka tembang kasebut tegese
A. Kelakuan kang olah batin
B. Sakarepe dhewe yen omongan
C. Tandha yen gelem nyambut gawe
D. Tandha nugrahane Tuhan
E. Tandha rasa umat marang wektu
6. Samengko ingsun tutur,
Sembah catur supaya lumuntur,
Dihin raga, cipta jiwa, rasa, kaki,
Ing kono lamun tinemu,
Tandha nugrahing Manon.
Piwulang kang ana ing tembang kasebut yaiku
A. Manungsa kudu teteg bebudene, sabar, tawakal, ikhlas, lila lan nerima.
B. Piwulang bab catur sembah yaiku raga, cipta, jiwa lan rasa
C. Piwulang supaya tindak tanduk kang ditindakake semampune
D. Ngadohi tumindak ala lan angkara murka
E. Ngandhut panemu kang duweni sifat mistis
7. Inguni-uni durung,
Sinarawung wulang kang sinerung,
lagi iki bangsa kas ngetok-ken anggik,
mintoken **kawignyanipun**,
sarengate elok-elok.
Tembung **kawignyanipun** tegese
A. Kapinteran
B. Kepengenan
C. Gegayuhan
D. Katresnan
E. Tumindak

8. Inguni-uni durung,
Sinarawung wulang kang sinerung,
lagi iki bangsa kas ngetok-ken anggit,
mintoken kawignyanipun,
sarengate elok-elok.
Gatra kaping papat (4) tembang kasebut nduweni teges
- A. Ngetokake gegayutane
 - B. Ngetokake kemampuane
 - C. Ngetokake kepengenane
 - D. Ngetokake tumindake
 - E. Ngetokake katresnane
9. Sembah raga punika,
Pakartine wong amagang laku,
Sesucine asarana saking **warih,**
kang wus lumrah limang wektu,
wantu wataking wewaton.
Tembang **warih** ing tembang kasebut tegese
- A. bulan
 - B. gunung
 - C. Banyu
 - D. angin
 - E. lintang
10. Sembah raga punika,
Pakartine wong amagang laku,
Sesucine asarana saking warih,
kang wus lumrah limang wektu,
wantu wataking wewaton.

Kang dimaksud saka **kang wus lumrah limang wektu** yaiku

- A. Wudhu
- B. Dzikir
- C. Sholat
- D. Sholawat
- E. Dedonga

11. Sapa sregep sinau

Mesti bakal entuk akeh ilmu
Ilmu kang nuntun kanggo wong urip
Aja mung bisane turu
Bisane mung plonga-plongo
Tembang kasebut ngandhut tema

- A. Agama
- B. Pendidikan
- C. Budaya
- D. Katresnan
- E. Kasetiyaan

12. Sapa sregep sinau

Mesti bakal entuk akeh **ilmu**
Ilmu kang nuntun kanggo wong urip
Aja mung bisane turu
Bisane mung plonga-plongo
Tembung ilmu ing gatra kapindho bisa diganti nganggo tembung

- A. Kawruh
- B. Mujur
- C. Jujur
- D. Patut
- E. Manut

13. Sapa sregep sinau

Mesti bakal entuk akeh ilmu
Ilmu kang nuntun kanggo wong urip
Aja mung bisane turu
Bisane mung plonga-plongo
Piwulang kang kakandhut ing tembang kasebut yaiku

- A. Aja seneng plonga-plongo
- B. Sregepa nyambut gawe
- C. Sregepa ngangsu ngelmu

- D. Sregepa ngangsu banyu
- E. Aja seneng ngribeti kanca

14. Uripku lagi mujur

Bijiku apik saka Pak Guru
Anggone ulangan ing bahasa Inggris
Matur nuwun duh Pak Guru
Bakal kula eling-eling kapan mawon
Tembang kasebut, urung bener miturut paugerane. Gatra pira kang kudu diganti supaya bisa dadi tembang gambuh kang pener

- A. 1
- B. 2
- C. 3
- D. 4
- E. 5

15. Uripku lagi mujur

bijiku apik saka Pak Guru
Anggone ulangan ing bahasa Inggris
Matur nuwun duh Pak Guru
Bakal kula eling-eling kapan mawon
Supaya dadi tembang gambuh kang bener mula salah siji gatra kasebut kudu diganti. Ing ngisor iki gatra kang bener yaiku

- A. Gatra 1: uripku ora lagi mujur
- B. Gatra 2: bijiku apik banget saka guruku
- C. Gatra 3: ulanganku ing bahasa jawa
- D. Gatra 4: kula eling kapan mawon
- E. Gatra 2: bijiku apik merga sregep

16. Kang diarani guru lagu ing tembang macapat yaiku

- A. Cacahe wanda saben sagatra
- B. Tibaning swara ing pungkasane gatra
- C. Tibaning swara ing pungkasane pada
- D. Cacahe larik saben sa pada
- E. Cacahe barisa saben sa gatra

17. Ngapurana awaku

Menawa aku akeh keleru
Ora lali ngaturna sugeng riyadi
Uga ngucap maturnuwun
Aku wis asring sembrono
Tembang kasebut cocog diaturna ing wayah

- A. Perpisahan

- B. Pertemuan rutin
 - C. Idul fitri
 - D. Tahun baru
 - E. Hari pahlawan
18. Ing ngisor iki kang kudu digatekake nalika ngrakit tembang, **kajaba**
- A. Nggatekake paugerane
 - B. Milih tembung-tembung sing mentes tur edi peni
 - C. Saben tembung sing dipilih kudu sesambungan antarane siji lan sijine
 - D. Ana sesambungan antara lirik siji karo sijine sapada
 - E. Nggatekake wiraga, wirama lan wirasane
19. Jeneng kang disingidake ing sajrone tembang diarani
- A. Sandi nama
 - B. Sandiasma
 - C. Asma pujangga
 - D. Nama sandi
 - E. Asma singidan
20. Watak saka tembang gambuh yaiku
- A. Lanteh utawa kulina
 - B. Melas
 - C. Welas asih
 - D. Kereng
 - E. Prihatin